Boston Children's Hospital
Pediatric Environmental Health

© 2024 Boston Children's Hospital. Tout dwa rezève.
Pou soumisyon, refè enpresyon oswa itlizasyon tanpri kontakte region1pehsu@childrens.harvard.edu

Region 1: New England
PEHSU
Pediatric Environmental Health Specialty Unit
www.childrenshospital.org/pehc

# LeadRx

## Resous Edikasyon Adapte pou Redui Ekspozisyon Plon ak Swen pou Timoun, Moun Ansent ak Fanmi

## Edisyon Massachusetts (Kreyòl Ayisyen)



Yo ofri LeadRx pou rezon edikasyon ak enfòmasyon sèlman epi li pa dwe sèvi pou okenn rezon komèsyal. Materyèl la pa vle di li la pou l ranplase yon jijman medikal endepandan oswa konsèy yon doktè ki kalifye oswa yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki chwazi sèvi ak enfòmasyon oswa rekòmandasyon ki disponib yo fè sa sou pwòp risk yo epi yo pa ta dwe konte sou enfòmasyon sa yo kòm konsèy medikal pwofesyonèl oswa itilize yo pou ranplase n enpòt relasyon ak doktè yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo.

Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a te sipòte Fich enfòmasyon an ak finanse (an pati) gras ak yon akò koperativ ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi / Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi [Centers for Disease Control and Prevention/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (CDC/ATSDR)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sipòte PEHSU yo lè li bay finansman pasyèl nan CDC / ATSDR atravè yon Akò Ant Ajans. NIH/NIEHS K23 ES031663 te finanse tou (an pati) Devlopman resous sa a. CDC/ATSDR oswa EPA pa t difize LeadRX fòmèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm yon desizyon oswa politi k ajans lan. Yo sèvi ak non komèsyal yo se pou idantifikasyon sèlman, sa pavle di CDC/ATSDR oswa EPA ap apwouve l.

# Sous Plon



## Plan Aksyon

Rekonèt plizyè sous plon posib andedan kou deyò kay la. Sous plon posib yo genyen:

- Danje penti ki fèt ak baz plon
- Kaswòl ak asyèt ki fèt alamen
- Espas travay yo
- Pwodwi ki te achte nan peyi etranje (pa Etazini)
    - Epis santi bon, potri, sirèt, makiyaj, jwèt, bijou, manje nan bwat, medikaman ki soti nan medsin tradisyonèl Endou.
- Tè ak dlo
- Pastan
    - Plon lapèch, bal, vit, reparasyon machin

## Èske w te Konnen?

Plon se yon metal ki toksik ou ka jwenn nan yon varyete sous. Menm yon nivo ekspozisyon plon ki fèb ka nwi sante moun. Li enpòtan pou w konnen sous potansyèl plon yo epi pran mezi pou diminye ekspozisyon yo nan mezi sa posib.

## Resous Kominotè

- Konprann Anpwazònman Plon - CLPPP
- Ekspozisyon Plon - Lopital pou Timoun nan Boston (Boston Children's Hospital) PEHC
- Pwoteje Timoun kont plon nan Kohl/Surma - Boston Children's Hospital PEHC

Boston Children's Hospital
Pediatric Environmental Health

© 2024 Boston Children's Hospital. Tout dwa rezève.
Pou soumisyon, refè enpresyon oswa itlizasyon tanpri kontakte region1pehsu@childrens.harvard.edu

Yo ofri LeadRx pou rezon edikasyon ak enfòmasyon sèlman epi li pa dwe sèvi pou okenn rezon komèsyal. Materyèl la pa vle di li la pou l ranplase yon jijman medikal endepandan oswa konsèy yon doktè ki kalifye oswa yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki chwazi sèvi ak enfòmasyon oswa rekòmandasyon ki disponib yo fè sa sou pwòp risk yo epi yo pa ta dwe konte sou enfòmasyon sa yo kòm konsèy medikal pwofesyonèl oswa itilize yo pou ranplase nenpòt relasyon ak doktè yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo.

Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a te sipòte Fich enfòmasyon an ak finanse (an pati) gras ak yon akò koperativ ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi / Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi [Centers for Disease Control and Prevention/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (CDC/ATSDR)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sipòte PEHSU yo lè li bay finansman pasyèl nan CDC / ATSDR atravè yon Akò Ant Ajans. NIH/NIEHS K23 ES031663 te finanse tou (an pati) Devlopman resous sa a. CDC/ATSDR oswa EPA pa t difize LeadRX fòmèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm yon desizyon oswa politik ajans lan. Lè w sèvi ak non komèsyal yo sèlman pou idantifikasyon, sa pa vle di CDC/ATSDR oswa EPA ap bay sipò.

Region 1: New England PEHSU Pediatric Environmental Health Specialty Unit

www.childrenshospital.org/pehc

# Diminye Ekspozisyon Plon



## Plan Aksyon

- **Kouvri penti k ap dekale**
  - Sèvi ak tep adezif oswa papye kontak pou kouvri nenpòt penti k ap dekale
- **Bloke aksè ak penti ki gen plon**
  - Deplase mèb ki devan nenpòt penti ki dekale.
  - Si w kapab, chanje chanm pitit ou a epi ba li yon chanm ki gen penti ki p ap dekale.
  - Kite pati anba fenèt yo fèmen.
- **Debarase ak Plon San Danje**
  - Pa fè okenn travay renovasyon oswa reparasyon toutotan ou pa fè yo enspekte kay ou pou plon
  - Anboche pwofesyonèl ki gen lisans sèlman pou renove kay ki gen plon.
  - Fanmi yo ka oblije soti nan kay la pandan renovasyon an pou diminye ekspozisyon an

## Èske w te Konnen?

Kay ki te konstwi anvan lane 1978 yo gen plis chans pou genyen risk ki lye ak penti ki gen plon. Se sèl kontraktè plon ki sètifye ki dwe retire plon. Sa PA dwe fèt pandan fanmi yo nan kay la.

## Resous Kominotè

- Pwogram prevansyon anpwazonnman plon nan Massachusetts (Massachusetts Childhood Lead Poisoning Prevention Program, MA CLPPP) Nimewo Telefòn: (617) 624-5757
- Konprann Anpwazònman Plon - CLPPP
- Gid Massachusetts pou Debarase ak Plon- CLPPP
- Abitid pou yon ti tan pou kenbe pitit ou an sekirite - CLPPP
- Etap pou Pwoteje Fanmi w - AAP
- Ekspozisyon Plon Pandan Moun Nan Timoun: 6 Aksyon pou Redui Risk Fanmi ou

Boston Children's Hospital
Pediatric Environmental Health

© 2024 Boston Children's Hospital. Tout dwa rezève.
Pou soumisyon, refè enpresyon oswa itlizasyon tanpri kontakte region1pehsu@childrens.harvard.edu

Yo ofri LeadRx pou rezon edikasyon ak enfòmasyon sèlman epi li pa dwe sèvi pou okenn rezon komèsyal. Materyèl la pa vle di li la pou l ranplase yon jijman medikal endepandan oswa konsèy yon doktè ki kalifye oswa yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki chwazi sèvi ak enfòmasyon oswa rekòmandasyon ki disponib yo fè sa sou pwòp risk yo epi yo pa ta dwe konte sou enfòmasyon sa yo kòm konsèy medikal pwofesyonèl oswa itilize yo pou ranplase nenpòt relasyon ak doktè yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo.

Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a te sipòte Fich enfòmasyon an ak finanse (an pati) gras ak yon akò koperativ ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi / Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi [Centers for Disease Control and Prevention/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (CDC/ATSDR)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sipòte PEHSU yo lè li bay finansman pasyèl nan CDC / ATSDR atravè yon Akò Ant Ajans. NIH/NIEHS K23 ES031663 te finanse tou (an pati) Devlopman resous sa a. CDC/ATSDR oswa EPA pa t difize LeadRX fòmèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm yon desizyon oswa politik ajans lan. Lè w sèvi ak non komèsyal yo sèlman pou idantifikasyon, sa pa vle di CDC/ATSDR oswa EPA ap bay sipò.

Region 1: New England PEHSU
Pediatric Environmental Health Specialty Unit

www.childrenshospital.org/pehc

# Tès nan Kay

## Plan Aksyon

- Fè yon enspektè pou plon teste lakay ou pou jwenn sous ekspozisyon plon posib yo
- **Ou nan fèm?**
  - Mande pwopriyetè w la pou teste kay ou a pou plon
  - Si ou gen timoun ki poko gen 6 lane, kontakte konsèy sante lokal ou a pou mande yon enspeksyon plon.
- **Ou se pwopriyetè?**
  - Pran yon enspektè pou plon ki gen lisans pou teste lakay ou



## Èske w te Konnen?

Si w nan fè m, pwopriyetè kay la dwe peye pou repare plon nan kay la! Lalwa pwoteje fanmi ki gen timoun ki poko gen 6 lane yo.

## Resous Kominotè

- Pwogram prevansyon anpwazonnman plon nan Massachusetts (CLPPP) Nimewo Telefòn: (617) 624-5757
- Jwenn yon enspektè pou plon ki gen lisans nan Massachusetts - CLPPP
- Jwenn istwa konsantrasyon plon lakay ou - CLPPP
  - Lead Safe Homes (Kay San Plon) 2.0 (2020-kounye a)
  - Lead Safe Homes (Kay San Plon) 1.0 (anvan 2020)
- Lwa sou Plon nan Massachusetts - CLPPP
- Asistans Finansye pou Debarase ak Plon - CLPPP

Boston Children's Hospital
Pediatric Environmental Health

© 2024 Boston Children's Hospital. Tout dwa rezève.
Pou soumisyon, refè enpresyon oswa itlizasyon tanpri kontakte region1pehsu@childrens.harvard.edu

Yo ofri LeadRx pou rezon edikasyon ak enfòmasyon sèlman epi li pa dwe sèvi pou okenn rezon komèsyal. Materyèl la pa vle di li la pou l ranplase yon jijman medikal endepandan oswa konsèy yon doktè ki kalifye oswa yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki chwazi sèvi ak enfòmasyon oswa rekòmandasyon ki disponib yo fè sa sou pwòp risk yo epi yo pa ta dwe konte sou enfòmasyon sa yo kòm konsèy medikal pwofesyonèl oswa itilize yo pou ranplase nenpòt relasyon ak doktè yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo.

Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a te sipòte Fich enfòmasyon an ak finanse (an pati) gras ak yon akò koperativ ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi / Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi [Centers for Disease Control and Prevention/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (CDC/ATSDR)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sipòte PEHSU yo lè li bay finansman pasyèl nan CDC / ATSDR atravè yon Akò Ant Ajans. NIH/NIEHS K23 ES031663 te finanse tou (an pati) Devlopman resous sa a. CDC/ATSDR oswa EPA pa t difize LeadRX fòmèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm yon desizyon oswa politik ajans lan. Lè w sèvi ak non komèsyal yo sèlman pou idantifikasyon, sa pa vle di CDC/ATSDR oswa EPA ap bay sipò.

Region 1: New England
PEHSU
Pediatric Environmental Health Specialty Unit

www.childrenshospital.org/pehc

# Plon ak Dlo Potab



## Plan Aksyon

- Sèvi ak yon **laboratwa ki sètifye MassDEP pou teste** dlo w pou plon.
- **Ranplase wobinèt ak aparèy ki pi ansyen** ki ka gen plon.
- **Ranplase tiyo plon**.
- **Sèvi ak dlo frèt** pou bwè, kwit manje, prepare manje ak prepare lèt pou bebe.
  - Dlo bouyi **pa** pral retire plon an.
  - Kite dlo frèt la koule pou omwen 2 minit anvan w sèvi avè l.
  - Pa sèvi ak dlo cho nan tiyo a.
- Enstale yon **filtè dlo sètifye** pou retire plon nan dlo tiyo w la.

## Èske w te Konnen?

Nan Massachusetts pifò sous dlo piblik yo pa gen plon. Ka gen plon nan dlo ou akòz tiyo ki fèt an plon yo, soudi, oswa ansyen wobinè.

## Resous Kominotè

- Plon nan Dlo Potab - PEHSU
- Plon nan dlo potab FAQ (Kesyon yo Poze Souvan) - MA DPH
- Jwenn yon laboratwa sètifye pou tès dlo - MassDEP
- Sekirite ak tès dlo - AAP
- Kat Sèvis Plon - BWSC
- Gid Deteksyon Kanal pou Sèvis ki fèt ak Plon - EPA
- Filtè dlo sètifye pou retire plon - NSF

Boston Children's Hospital
Pediatric Environmental Health

© 2024 Boston Children's Hospital. Tout dwa rezève.
Pou soumisyon, refè enpresyon oswa itlizasyon tanpri kontakte region1pehsu@childrens.harvard.edu

Yo ofri LeadRx pou rezon edikasyon ak enfòmasyon sèlman epi li pa dwe sèvi pou okenn rezon komèsyal. Materyèl la pa vle di li la pou l ranplase yon jijman medikal endepandan oswa konsèy yon doktè ki kalifye oswa yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki chwazi sèvi ak enfòmasyon oswa rekòmandasyon ki disponib yo fè sa sou pwòp risk yo epi yo pa ta dwe konte sou enfòmasyon sa yo kòm konsèy medikal pwofesyonèl oswa itilize yo pou ranplase nenpòt relasyon ak doktè yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo.

Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a te sipòte Fich enfòmasyon an ak finanse (an pati) gras ak yon akò koperativ ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi / Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi [Centers for Disease Control and Prevention/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (CDC/ATSDR)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sipòte PEHSU yo lè li bay finansman pasyèl nan CDC / ATSDR atravè yon Akò Ant Ajans. NIH/NIEHS K23 ES031663 te finanse tou (an pati) Devlopman resous sa a. CDC/ATSDR oswa EPA pa t difize LeadRX fòmèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm yon desizyon oswa politik ajans lan. Lè w sèvi ak non komèsyal yo sèlman pou idantifikasyon, sa pa vle di CDC/ATSDR oswa EPA ap bay sipò.

Region 1: New England PEHSU
Pediatric Environmental Health Specialty Unit

www.childrenshospital.org/pehc

# Plon nan pousyè tè oswa tè



## Plan Aksyon

- **Fè Pratik Jadinay ki kenbe w an sekirite**
  - Mete gan pandan w ap fè jadenay. Retire soulye jaden ou anvan ou antre lakay ou. Kite zouti yo deyò.
  - Lave men w anvan w manje ak bwè.
  - Plante jaden ou lwen bildin yo, sitou si w remake penti an ap dekale.
  - Anvizaje fè legim yo pose nan veso ki wo.
- **Lòt mezi sekirite**
  - Kenbe timoun yo lwen nenpòt tè ki kontamine.
  - Anvizaje plante zèb oswa 4-5 pous materyèl pwoteksyon pou kouvri tè a.
  - Ajoute tè ki an sante pou redwi konsantrasyon plon nan tè a.

## Èske w te Konnen?

Plon prezan nan prèske tout tè. Sepandan, kontaminasyon tè a ka lakòz nivo plon li yo ogmante nan yon kantite danjere. Penti ki gen plon k ap dekale nan bildin se kòz prensipal kontaminasyon plon tè a.

## Resous Kominotè

- Soil and Nutrient Testing Lab (Laboratwa Tès Tè ak Eleman Nitritif) - UMass Amherst
  - Chwazi “Analiz woutin pou tè” pou tès nivo plon
- Jadinaj ki pi an sekirite - Lopital Timoun nan Boston (Boston Children’s Hospital) PEHC
- Konstwi-yon-jaden - Pwojè Manje a
- Analiz Tè - ATSDR
- Plon nan Tè - EPA

Boston Children's Hospital
Pediatric Environmental Health

© 2024 Boston Children’s Hospital. Tout dwa rezève.
Pou soumisyon, refè enpresyon oswa itlizasyon tanpri kontakte region1pehsu@childrens.harvard.edu

Yo ofri LeadRx pou rezon edikasyon ak enfòmasyon sèlman epi li pa dwe sèvi pou okenn rezon komèsyal. Materyèl la pa vle di li la pou l ranplase yon jijman medikal endepandan oswa konsèy yon doktè ki kalifye oswa yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki chwazi sèvi ak enfòmasyon oswa rekòmandasyon ki disponib yo fè sa sou pwòp risk yo epi yo pa ta dwe konte sou enfòmasyon sa yo kòm konsèy medikal pwofesyonèl oswa itilize yo pou ranplase nenpòt relasyon ak doktè yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo.

Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a te sipòte Fich enfòmasyon an ak finanse (an pati) gras ak yon akò koperativ ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi / Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi [Centers for Disease Control and Prevention/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (CDC/ATSDR)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sipòte PEHSU yo lè li bay finansman pasyèl nan CDC / ATSDR atravè yon Akò Ant Ajans. NIH/NIEHS K23 ES031663 te finanse tou (an pati) Devlopman resous sa a. CDC/ATSDR oswa EPA pa t difize LeadRX fòmèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm yon desizyon oswa politik ajans lan. Lè w sèvi ak non komèsyal yo sèlman pou idantifikasyon, sa pa vle di CDC/ATSDR oswa EPA ap bay sipò.

Region 1: New England PEHSU Pediatric Environmental Health Specialty Unit

www.childrenshospital.org/pehc

# Fè ak Plon




## Èske w te Konnen?

Fè ak plon aji menm jan nan kò ou. Y ap goumen pou yo absòbe nan entesten w ak pou yo vin plis nan kò ou! Se poutèt sa timoun ki anemi yo (defisyans an fè) gen plis chans pran anpwazònman plon.

## Plan Aksyon

- Fè se yon mineral kò a bezwen pou kwasans ak devlopman
- Timoun ki gen **nivo fè ki fèb yo** gen tandans gen **pi wo nivo plon** nan san yo.
- Si timoun ou an gen anpil plon nan san epi li pa gen anpil fè, tanpri **pale ak founisè swen sante prensipal timoun ou an** [Primary Care Provider, PCP]
- Pou maksimize absòpsyon, **konsome sipleman fè ak manje ki gen anpil vitamin C** (egzanp fwi ki si yo)
    - Sipleman fè **PA** ta dwe pran ak nenpòt ki pwodui letye. Pwodui ki fèt ak lèt diminye absòpsyon fè nan entesten la

## Resous Kominotè

- Nitrisyon ak Timoun - CLPPP
- Ekspozisyon ak Plon - Lopital pou Timoun nan Boston (Boston Children's Hospital) PEHC
- Anemi nan Timoun ak Adolesan - AAP

Boston Children's Hospital
Pediatric Environmental Health

© 2024 Boston Children's Hospital. Tout dwa rezève.
Pou soumisyon, refè enpresyon oswa itlizasyon tanpri kontakte region1pehsu@childrens.harvard.edu

Yo ofri LeadRx pou rezon edikasyon ak enfòmasyon sèlman epi li pa dwe sèvi pou okenn rezon komèsyal. Materyèl la pa vle di li la pou l ranplase yon jijman medikal endepandan oswa konsèy yon doktè ki kalifye oswa yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki chwazi sèvi ak enfòmasyon oswa rekòmandasyon ki disponib yo fè sa sou pwòp risk yo epi yo pa ta dwe konte sou enfòmasyon sa yo kòm konsèy medikal pwofesyonèl oswa itilize yo pou ranplase nenpòt relasyon ak doktè yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo.

Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a te sipòte Fich enfòmasyon an ak finanse (an pati) gras ak yon akò koperativ ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi / Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi [Centers for Disease Control and Prevention/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (CDC/ATSDR)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sipòte PEHSU yo lè li bay finansman pasyèl nan CDC / ATSDR atravè yon Akò Ant Ajans. NIH/NIEHS K23 ES031663 te finanse tou (an pati) Devlopman resous sa a. CDC/ATSDR oswa EPA pa t difize LeadRX fòmèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm yon desizyon oswa politik ajans lan. Lè w sèvi ak non komèsyal yo sèlman pou idantifikasyon, sa pa vle di CDC/ATSDR oswa EPA ap bay sipò.

Region 1: New England
PEHSU
Pediatric Environmental Health Specialty Unit
www.childrenshospital.org/pehc

# Entèvansyon Bonè (Early Intervention, EI)



## Èske w te Konnen?

Si timoun ou an gen mwens pase 3 lane epi li gen yon nivo plon nan san ki wo, li ka kalifye pou sèvis GRATIS atravè entèvansyon bonè. Entèvansyon bonè pral ede pitit ou a aprann ladrès ki apwopriye ak laj li pou sipòte devlopman li. Sa pral ede li pwogrese!

## Plan Aksyon

- **Vizit nan kay:**
  - Yon vizit nan kay se premye etap Entèvansyon Bonè.
  - Yo se zouti itil pou aprann sou pwogram nan ak si pitit ou a kalifye.
- **Monte estrateji:**
  - Ou menm ak ekip Entèvansyon Bonè ou a pral travay ansanm. Ou pral kreye estrateji pou sipòte plan sèvis fanmi endividyèl ou an.
- **Enpak:**
  - Tibebe ak timoun piti aprann pi byen atravè anpil pratik pandan aktivite chak jou.
  - **OU** gen pi gwo enpak sou pwogrè timoun ou an Entèvansyon Bonè ka jwe yon wòl sipònan relasyon ou menm ak timoun ou an.

## Resous Kominotè

- Ki sa ki Entèvansyon Bonè? - MA DPH
- Entèvansyon Bonè nan Massachusetts - MA DPH
- Family TIES (Lyen Familyal) nan Massachusetts
  Nimewo telefòn: (800) 905-8437
- Kontakte Pwogram EI - MA DPH
- Vizit nan kay - MA DPH

Boston Children's Hospital
Pediatric Environmental Health

© 2024 Boston Children's Hospital. Tout dwa rezève.
Pou soumisyon, refè enpresyon oswa itlizasyon tanpri kontakte region1pehsu@childrens.harvard.edu

Yo ofri LeadRx pou rezon edikasyon ak enfòmasyon sèlman epi li pa dwe sèvi pou okenn rezon komèsyal. Materyèl la pa vle di li la pou l ranplase yon jijman medikal endepandan oswa konsèy yon doktè ki kalifye oswa yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki chwazi sèvi ak enfòmasyon oswa rekòmandasyon ki disponib yo fè sa sou pwòp risk yo epi yo pa ta dwe konte sou enfòmasyon sa yo kòm konsèy medikal pwofesyonèl oswa itilize yo pou ranplase nenpòt relasyon ak doktè yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo.

Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a te sipòte Fich enfòmasyon an ak finanse (an pati) gras ak yon akò koperativ ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi / Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi [Centers for Disease Control and Prevention/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (CDC/ATSDR)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sipòte PEHSU yo lè li bay finansman pasyèl nan CDC / ATSDR atravè yon Akò Ant Ajans. NIH/NIEHS K23 ES031663 te finanse tou (an pati) Devlopman resous sa a. CDC/ATSDR oswa EPA pa t difize LeadRX fòmèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm yon desizyon oswa politik ajans lan. Lè w sèvi ak non komèsyal yo sèlman pou idantifikasyon, sa pa vle di CDC/ATSDR oswa EPA ap bay sipò.

Region 1: New England
PEHSU
Pediatric Environmental Health Specialty Unit
www.childrenshospital.org/pehc

# Travay avèk Plon



## Plan Aksyon

- Manm fanmi k ap travay ozalantou plon ta dwe **chanje rad yo anvan yo vin lakay yo** oswa retire rad travay yo anvan yo rantre.
  - Benyen yon ti tan aprè w retounen lakay ou, anvan ou jwe ak timoun yo.
  - Lave tout rad travay separeman.
  - Retire soulye anvan yo antre nan kay la.
  - Fè atansyon ak pousyè plon nan machin nan chan travay yo.
- Travay ki kapab ekspoze ak plon:
  - Renovasyon/demolisyon (kay ki te bati anvan 1978)
  - Soude tiyo oswa travay metal
  - Garaj reparasyon machin
  - Fabrikasyon Batri
  - Penn/retire penti, espesyalman pon ak otowout
  - Atizay restorasyon oswa travay vit

## Èske w te Konnen?

Kontaminasyon plon nan espas travay yon paran ka ekspoze timoun yo ak plon tou. Li enpòtan pou pratike abitid "sekirite plon" chak jou aprè travay. Sa ap ede w kenbe timoun ou an sekirite!

## Resous Kominotè

- Plon nan Travay yo - CDC
- Enfòmasyon pou Travayè yo - CDC NIOSH
- Prevni Ekspozisyon ak Plon nan kay - OSHA

Boston Children's Hospital
Pediatric Environmental Health

© 2024 Boston Children's Hospital. Tout dwa rezève.

Pou soumisyon, refè enpresyon oswa itlizasyon tanpri kontakte region1pehsu@childrens.harvard.edu

Yo ofri LeadRx pou rezon edikasyon ak enfòmasyon sèlman epi li pa dwe sèvi pou okenn rezon komèsyal. Materyèl la pa vle di li la pou l ranplase yon jijman medikal endepandan oswa konsèy yon doktè ki kalifye oswa yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki chwazi sèvi ak enfòmasyon oswa rekòmandasyon ki disponib yo fè sa sou pwòp risk yo epi yo pa ta dwe konte sou enfòmasyon sa yo kòm konsèy medikal pwofesyonèl oswa itilize yo pou ranplase nenpòt relasyon ak doktè yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo.

Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a te sipòte Fich enfòmasyon an ak finanse (an pati) gras ak yon akò koperativ ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi / Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi [Centers for Disease Control and Prevention/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (CDC/ATSDR)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sipòte PEHSU yo lè li bay finansman pasyèl nan CDC / ATSDR atravè yon Akò Ant Ajans. NIH/NIEHS K23 ES031663 te finanse tou (an pati) Devlopman resous sa a. CDC/ATSDR oswa EPA pa t difize LeadRX fòmèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm yon desizyon oswa politik ajans lan. Lè w sèvi ak non komèsyal yo sèlman pou idantifikasyon, sa pa vle di CDC/ATSDR oswa EPA ap bay sipò.

Region 1: New England
PEHSU
Pediatric Environmental Health Specialty Unit

www.childrenshospital.org/pehc

# Defans Jiridik

## Èske w te Konnen?

Lalwa Massachusetts sou Plon egzije pou kay yo dekontamine si yon timoun ki poko gen 6 lane ap viv ladan li. Yon pwopriyetè dwe rezoud risk ki lye ak plon yo tousuit. Si yo pa fè sa, yo ka responsab devan lalwa.

## Plan Aksyon

- **Èske w ka sibi vanjans?**
  - Pwopriyetè yon pwopriyete pa ka mete w deyò, ogmante lwaye oswa refize renouvle kontra lwaye w an kòm vanjans paske w rapòte yon vyolasyon penti plon.
- **Retni lwaye**
  - Si yon pwopriyetè pa te aji pou debarase ak plon lakay ou apre yo fin pale sou danje legal yo, ou **ka** gen rezon pou kenbe lwaye a.
  - **PA** kenbe lwaye san w pa pale ak yon avoka anvan.
- **Konpansasyon pou Pèt oswa Blesi**
  - Si yon timoun te anpwazonnen ak penti plon, ou ka gen dwa **rele** pwopriyetè a lajistis pou blesi pitit ou a.

## Resous Kominotè

- Chèche Resous Legal nan Massachusetts - LSC
- Lwa sou Plon nan Massachusetts - CLPPP
- Mande yon Bibliyotekè Jiridik- Bibliyotèk Jiridik Tribinal Premye Enstans yo
- Taktik legal: Otodefans pou Lokatè nan Massachusetts - Èd Legal Mass Legal Help (Èd Jiridik nan Massachusetts)

Boston Children's Hospital
Pediatric Environmental Health

© 2024 Boston Children's Hospital. Tout dwa rezève.
Pou soumisyon, refè enpresyon oswa itlizasyon tanpri kontakte region1pehsu@childrens.harvard.edu

Yo ofri LeadRx pou rezon edikasyon ak enfòmasyon sèlman epi li pa dwe sèvi pou okenn rezon komèsyal. Materyèl la pa vle di li la pou l ranplase yon jijman medikal endepandan oswa konsèy yon doktè ki kalifye oswa yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki chwazi sèvi ak enfòmasyon oswa rekòmandasyon ki disponib yo fè sa sou pwòp risk yo epi yo pa ta dwe konte sou enfòmasyon sa yo kòm konsèy medikal pwofesyonèl oswa itilize yo pou ranplase nenpòt relasyon ak doktè yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo.

Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a te sipòte Fich enfòmasyon an ak finanse (an pati) gras ak yon akò koperativ ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi / Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi [Centers for Disease Control and Prevention/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (CDC/ATSDR)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sipòte PEHSU yo lè li bay finansman pasyèl nan CDC / ATSDR atravè yon Akò Ant Ajans. NIH/NIEHS K23 ES031663 te finanse tou (an pati) Devlopman resous sa a. CDC/ATSDR oswa EPA pa t difize LeadRX fòmèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm yon desizyon oswa politik ajans lan. Lè w sèvi ak non komèsyal yo sèlman pou idantifikasyon, sa pa vle di CDC/ATSDR oswa EPA ap bay sipò.

Region 1: New England
PEHSU
Pediatric Environmental Health Specialty Unit
www.childrenshospital.org/pehc

# Plon ak Gwosès



## Èske w te Konnen?

Yon moun ki ansent ka transmèt plon an bay yon fetis nan matris. Twòp plon nan kò yon moun ka ba li risk pou li fè foskouch oswa akouche twò bonè epi li ka ogmante tansyon li pandan gwosès la. Li kapab tou nwi devlopman fizik ak mantal timoun nan alavni.

## Plan Aksyon

- Si w ap viv nan yon **kay ki te bati anvan 1978**, fè yon enspektè pou plon ki gen lisans enspekte l epi jere ak antisipasyon nenpòt bato tach penti oswa pousyè plon.
- Evite travay ak pastan ki ka ekspoze ou ak plon
- Evite **manje manje ki achte nan peyi etranje**
- Evite **itilize pwodui kosmetik ki te achte nan peyi etranje**
- Pou kwit ak estoke manje, **pa itilize potri seramik emaye ki gen plon ki enpòte.**
- Manje ak yon rejim ki **balanse**!
  - Manje ki rich an kalsyòm, fè, ak vitamin C ap ede elimine plon nan kò ou!

## Resous Kominotè

- Ekspozisyon Plon kay Moun Ansent
- Pwoteje Tibebe W la - CLPPP
- Jwenn yon enspektè pou plon ki gen lisans nan Massachusetts - CLPPP
- Yon Rejim Alimantè ki an Sante pou Konbat Plon - Boston Children's Hospital yo PEHC

Boston Children's Hospital
Pediatric Environmental Health

© 2024 Boston Children's Hospital. Tout dwa rezève.
Pou soumisyon, refè enpresyon oswa itlizasyon tanpri kontakte region1pehsu@childrens.harvard.edu

Yo ofri LeadRx pou rezon edikasyon ak enfòmasyon sèlman epi li pa dwe sèvi pou okenn rezon komèsyal. Materyèl la pa vle di li la pou l ranplase yon jijman medikal endepandan oswa konsèy yon doktè ki kalifye oswa yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki chwazi sèvi ak enfòmasyon oswa rekòmandasyon ki disponib yo fè sa sou pwòp risk yo epi yo pa ta dwe konte sou enfòmasyon sa yo kòm konsèy medikal pwofesyonèl oswa itilize yo pou ranplase nenpòt relasyon ak doktè yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo.

Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a te sipòte Fich enfòmasyon an ak finanse (an pati) gras ak yon akò koperativ ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi / Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi [Centers for Disease Control and Prevention/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (CDC/ATSDR)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sipòte PEHSU yo lè li bay finansman pasyèl nan CDC / ATSDR atravè yon Akò Ant Ajans. NIH/NIEHS K23 ES031663 te finanse tou (an pati) Devlopman resous sa a. CDC/ATSDR oswa EPA pa t difize LeadRX fòmèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm yon desizyon oswa politik ajans lan. Lè w sèvi ak non komèsyal yo sèlman pou idantifikasyon, sa pa vle di CDC/ATSDR oswa EPA ap bay sipò.

Region 1: New England
PEHSU
Pediatric Environmental Health Specialty Unit
www.childrenshospital.org/pehc

# Kelasyon



## Plan Aksyon

- Doktè pitit ou a ka rekòmande terapi kelasyon si nivo plon yo wo anpil.
- **Kisa ki Chelasyon an?**
    - Doktè w la pral preskri yon medikaman espesyal pou ede retire plon nan san timoun ou a. Medikaman sa a rele terapi kelasyon.
- **Pran medikaman an:**
    - Ou ka bezwen ouvri kapsil yo epi soupoudre medikaman an nan yon ti kantite manje oswa bwason timoun ou an renmen.
- **Sere medikaman an:**
    - Medikaman kelasyon yo ta dwe estoke nan frijidè a.
    - Medikaman kelasyon gen sant tankou ze pouri. Estoke li nan yon sak ki gen zip plastik nan frijidè a.

## Èske w te Konnen?

Medikaman yo bay pou chelasyon ap makonnen ak plon nan kò timoun ou an. Sa pèmèt yo jete plon yo nan pipi! Medikaman sa a ta dwe pran sèlman nan sitiyasyon espesyal epi se yon pwofesyonèl medikal ki pou preskri l.

## Resous Kominotè

- Konsèy Terapi kelasyon ak efè segondè
- Fèy Enfòmasyon DMSA - Lopital pou Timoun nan Boston (Boston Children's Hospital) PEHC
- Pou nenpòt kesyon oswa enkyetid, rele Massachusetts Rhode Island Poison Center: 1-800-222-1222

Boston Children's Hospital
Pediatric Environmental Health

© 2024 Boston Children's Hospital. Tout dwa rezève.
Pou soumisyon, refè enpresyon oswa itlizasyon tanpri kontakte region1pehsu@childrens.harvard.edu

Yo ofri LeadRx pou rezon edikasyon ak enfòmasyon sèlman epi li pa dwe sèvi pou okenn rezon komèsyal. Materyèl la pa vle di li la pou l ranplase yon jijman medikal endepandan oswa konsèy yon doktè ki kalifye oswa yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki chwazi sèvi ak enfòmasyon oswa rekòmandasyon ki disponib yo fè sa sou pwòp risk yo epi yo pa ta dwe konte sou enfòmasyon sa yo kòm konsèy medikal pwofesyonèl oswa itilize yo pou ranplase nenpòt relasyon ak doktè yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye yo.

Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a te sipòte Fich enfòmasyon an ak finanse (an pati) gras ak yon akò koperativ ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi / Ajans pou Sibstans Toksik ak Rejis Maladi [Centers for Disease Control and Prevention/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (CDC/ATSDR)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) an sipòte PEHSU yo lè li bay finansman pasyèl nan CDC / ATSDR atravè yon Akò Ant Ajans. NIH/NIEHS K23 ES031663 te finanse tou (an pati) Devlopman resous sa a. CDC/ATSDR oswa EPA pa t difize LeadRX fòmèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm yon desizyon oswa politik ajans lan. Lè w sèvi ak non komèsyal yo sèlman pou idantifikasyon, sa pa vle di CDC/ATSDR oswa EPA ap bay sipò.

Region 1: New England
PEHSU
Pediatric Environmental Health Specialty Unit

www.childrenshospital.org/pehc